

# Gid Aprantisaj Eksplorasyon

## Sound Gallery "Galri Son"

Sèvi ak plizyè sans pa sèlman pou tande, men tou pou santi e wè, son lè ou envestige kijan **vag son** yo kreye pa **vibrasyon** yon objè.

### ESEYE SA

#### **Ekzibit: Vire Bwat Fouchèt, Bwat Radyo**

A kisa ke yon bwat fouchèt k'ap vire sanble, ki son li fè, kijan ou santi li lè ou manyen li? Frape Fouchèt kap vire an kont yon tapi/arè pou li fè vibrasyon.

Kisa ke ou santi lè ou mete dwèt ou oubyen koud ou sou youn nan bouton yo nan Bwat Radyo an? Eske li te etonan? Dekri sa ou te eksperyanse.

Eksplòre diferan objè ki ka mennen son, e nan senten ka, sèvi pou **anplifye** (fè son an) pi fò.

### ESEYE SA

#### **Ekzibit: Bwat Radyo**

Tande pre a bwat radyo an. Sèvi ak zouti ke nou bay, eske ou kapab fè radyo a pi fò? Ranje zouti yo de pi efektif a mwen efektif. Pale de similarite oubyen diferans ant zouti yo ki kapab detèmine si ou kapab anplifye son an byen ou pa byen.

Eksperimante ak enstriman inik mizikal pandan ke ou eksplòre **relasyon** ant gwozè yon estriman ak son ke li pwodwi.

### ESEYE SA

#### **Ekzibit: Mi Mizik Boul Elastik, Toubouloum, Bas**

Kisa ki pase lè ou peze yon bou braslè elastik, frape diferan tib blan, oubyen tondye bag an kwiv. Kòman ke ou panse ke chak enstriman pwodwi son?

Egzamine ranje boul elastik, tib blan, oubyen fil. Kisa ke ou egzamine sou gwozè chak pip oubyen fil e son ke li pwodwi? Eske gen okenn bagay ki siprizan sou son ke yo chak fè?

## **Fouye pi fon**

### **Reflète e kominike**

Kisa ki sipri'w sou egzibit sa? Ki kesyon ke ou toujou genyen?

### **Fè koneksyon**

Vizite *Light & Color Gallery "Galri Limyè e Koulè"* pou eksplòre kijan limyè, tankou son vwayaje an vag. Nan *Sound Gallery "Galri Son"* ou kapab santi, tandè e wè vibrasyon son yo. Kijan ke ou kapab sèvi ak diferan sans ou pou envestige lòt galeri? Eske ou kapab sante, tandè, e wè pandan ke w'ap eksperimente *AirPlay Gallery "Galri Jwe nan Lè"* oubyen eksplòre la nati nan *Discovery Woods "Pye Bwa Discovery"*?

### **Eskplòre plis lakay ou**

Envestige plis de pi lwen ke Mize Discovery. Kontinye poze kesyon, fè obsèvasyon, fè eksperimentasyon, e predi kijan y'ap soti: Gade otou de lakay ou oubyen nan machin ou pou spikè tankou nan yon radyo oubyen televizyon. Eske ou konstate lè mizik oubyen lòt son vini a travè spikè a? Eske diferan tip de mizik fè ke ou santi'w diferan? Sèvi ak materyèl ke ou jwenn lakay ou pou kreye entriman mizik inik tankou sa ki nan Mize an. Kòman ke yo pwodwi son?

*Pandan ke oumenm ak pitit ou angaje nan ekzibit ki nan Galri Son an ou kapab eksplòre konsèp ki konekte ak Kourikoulòm Syans/Teknoloji/Jeni nan Massachusetts, kourikoulòm ke yo anseye spesifikman nan Anvan Jaden d'anfan, Ane 1, 2, 4, e 6.*